# Адыгэ макъ

№ 235 (19749)

2010-рэ илъэс

ШЭМБЭТ

ТЫГЪЭГЪАЗЭМ и 4

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИIЭП

**Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет**


*Сэкъатныгъэ зиIэхэм я Дунэе мафэ фэгъэхьыгъагъ*

# АгъэшIуагъэх, шIухьафтынхэр афашIыгъэх



**Сэкъатныгъэ зиIэхэм я Дунэе мафэ фэгъэхьыгъэу Адыгэ Республикэм IофшIэнымкIэ ыкIи социальнэ хэхъоныгъэмкIэ иминистрэу Наталья Широковам зипсауныгъэкIэ щыкIагъэ зиIэхэу республикэм щыпсэухэрэм ялIыкIохэм тыгъуасэ зэIукIэгъу адыриIагъ.**

Сэкъатныгъэ зиIэ нэбгырэ мин 34-у тиреспубликэ щыпсэухэрэм мэфэкIэу хагъэунэфыкIырэмкIэ АР-м и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан ыцIэкIэ Н.Широковар къафэгушIуагъ, республикэм ипащэ ишIуфэс тхылъ къеджагъ. Сэкъатныгъэ зиIэ цIыфхэм ящыIэкIэ-псэукIэ нахьышIу шIыгъэныр, гумэкIыгъоу, щыкIагъэу яIэхэр зэшIохыгъэнхэр пшъэрылъ шъхьаIэу зэрэщытхэр ащ итхагъ. Мы купым хэхьэрэ цIыфхэр социальнэу къэухъумэгъэнхэм, ящыкIэгъэ IэпыIэгъур ягъэгъотыгъэным апае федеральнэ гупчэм, АР-м и Правительствэ къатефэрэр зэкIэ тапэкIи зэрагъэцэкIэщтыр анахь мэхьанэшхо зиIэ лъэныкъохэм ащыщэу а шIуфэс тхылъым къегъэнафэ.

АР-м и Президент унашъоу ышIыгъэм диштэу, 2000-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу литературэм ыкIи искусствэм, физическэ культурэм ыкIи спортым, гъэсэныгъэм, культурэм, нэмыкI лъэныкъохэмкIи гъэхъэгъэшIу зышIыгъэхэу мы купым къыхиубытэхэрэр хэушъхьафыкIыгъэ шIухьафтынхэмкIэ къыхагъэщых. Общественнэ щыIакIэм чанэу хэлэжьэрэ нэбгыри 6-м сомэ мини 5 зырыз мыгъэ афагъэшъошагъ.

Нэужым унашъоу ашIыгъэм диштэу, сэкъатныгъэ зиIэ цIыфхэр зэзыпхырэ общественнэ организациехэу республикэм итхэм ящыкIэгъэ оргтехникэр, нэмыкI шIухьафтынхэр Н.Широковам аритыжьыгъэх.

Зипсауныгъэ зэщыкъогъэ цIыфхэм ащыщхэр зэIукIэгъум къыщыгущыIагъэх. Республикэм ипащэхэм мыхэм сыдигъуи анаIэ къазэратетыр, ахэм ягукъаохэр зэрэзэхашIыкIырэр зэкIэми анахь шъхьаIэу алъытагъ ыкIи «тхьашъуегъэпсэу» къараIуагъ.

***ТХЬАРКЪОХЪО Адам.***

*Сурэтыр Iэшъынэ Аслъан къытырихыгъ.*

## Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм

Илъэсыбэ хъугъэу шIуагъэ къытэу гъэсэныгъэм ылъэныкъокIэ Iоф зэрашIэрэм, егъэджэн-пIуныгъэ Iофтхьабзэхэр нахьышIоу зэхэщэгъэнхэм ашъхьэкIэ яIахьышхо зэрэхашIыхьэрэм апае Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ афагъэшъошагъ:

— **Болэкъо Аминэт Ауес ыпхъум,** къуаджэу Блащэпсынэ дэт МОУ-у «Гъэсэныгъэ зыщарагъэгъотырэ гурыт еджапIэу N 5-р» зыфиIорэм химиемкIэ икIэлэегъаджэ;

— **Гъыщ Фатимэ Вячеслав ыпхъум,** селоу Краснэм дэт МОУ-у «Гъэсэныгъэ зыщарагъэгъотырэ гурыт еджапIэу N 15-р» зыфиIорэм идиректор егъэджэн-пIуныгъэ IофшIэнымкIэ игуадзэ.

# Хэлэжьэщтхэм къагъэбаищт

**Адыгэ усакIоу, композиторэу КIубэ Щэбан къызыхъугъэр илъэси 120-рэ зэрэхъурэм фэгъэхьыгъэ шIэжь пчыхьэзэхахьэ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо филармоние тыгъэгъазэм и 7-м щыкIощт.**

Пчыхьэзэхахьэм филармонием иансамблэу «Отрадэр», эстрадэ купэу «Ошъутенэр» хэлэжьэщтых. Композиторым ыусыгъэ мэкъамэхэр агъэжъынчыщтых. Урысыем изаслуженнэ артистхэу, Адыгеим инароднэ артистхэу Андзэрэкъо Чеславрэ Нэхэе Тэмарэрэ къаIощт орэдхэри КIубэ Щэбан ыусыгъэх.

— Искусствэм пылъ ныбжьыкIэхэм шIэжьым нахьыбэрэ зыфагъэзэнэу, гукIэ уасэ фашIыным фэшI лъэпкъ искусствэм нахь куоу хэтщэнхэм тыпылъ, — еIо КIубэ Щэбан итворчествэ фэгъэхьыгъэ концертым ихудожественнэ пащэу, Урысыем культурэмкIэ изаслуженнэ IофышIэу Хъот Заур. — Тиартист ныбжьыкIэхэу КIэрэщэ Эдуард, Хъут Рустам, Жьакъщэкъул Маринэ, Дзыбэ Мыхьамэт, Эльдарэ Айдэмыр къаIощт орэдхэр КIубэ Щэбан ыусыгъэх.

Пщынаоу ЛIыбзыу Аслъан итворчествэ зырегъэушъомбгъу. Щ. КIубэм ыусыгъэ мэкъамэхэр зэригъафэхи, пщынэм къыригъэIонхэу ыгъэхьазырыгъэх. ОрэдыIоу ыкIи орэдусэу ХьэкIэко Алый концертым чанэу хэлэжьэщт.

ГъэшIэгъоныр а зы орэдыр нэбгырищым къызэраIощтыр ары. «Шахъом иорэд» ХьэкIэко Аслъани, Эльдарэ Айдэмыри, Нэхэе Тэмари концертхэм къащаIоу зэхэтэхы. Артист пэпчъ орэдыр зэрилъэгъурэ шIыкIэр итворчествэ къыщыхигъэщы шIоигъу. ХьэкIэко Алый, ЛIыбзыу Аслъан, Григорий Михайловым аранжировкэ ашIыгъэх Щ. КIубэм ыусыгъэ произведениехэм ащыщхэр. Ахэри пчыхьэзэхахьэм щыIущтых.

Сыхьатыр 17-м рагъэжьэщт шIэжь пчыхьэзэхахьэр АР-м культурэмкIэ и Министерствэрэ Адыгеим и Къэралыгъо филармониерэ зэхащэ. Республикэм икъалэхэмрэ къуаджэхэмрэ къарыкIыщтхэр зэIукIэм хэлэжьэщтых.

***САХЬИДЭКЪО Нурбый.***

# Депутатхэм апай

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм ияшъэнэкъорэ щырэ зэхэсыгъо 2010-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 8-м зэIуагъакIэ.

Iофыгъоу зэхэсыгъом зыщытегущыIэщтхэм япроект мы къыкIэлъыкIохэрэр хагъэхьагъэх: законопроектхэу «Адыгэ Республикэм 2011-рэ илъэсымкIэ ыкIи 2012-рэ, 2013-рэ план чэзыухэмкIэ иреспубликэ бюджет ехьылIагъ», «Адыгэ Республикэм шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ иреспубликэ фонд ибюджетэу 2011-рэ ыкIи 2012-рэ, 2013-рэ план чэзыухэм ателъытагъэм ехьылIагъ», «Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ», «Шъон пытэхэу процент 15-м ехъоу этил спиртыр зыхэтхэр уахътэу зыщыIуагъэкIыщтхэм гъунэпкъэ гъэнэфагъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъ», «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо мылъкоу е муниципальнэ мулъкоу щыт амыгъэкощырэ, бэджэндэу атырэ мылъкум епхыгъэу гурыт ыкIи предпринимательствэ цIыкIум ясубъектхэм яфитыныгъэхэм ягъэцэкIэн ехьылIагъ» зыфиIохэрэм ятIонэрэу ахэплъэгъэныр; законопроектхэу: «Адыгэ Республикэм и Законэу «ЧIыпIэ зыгъэIорышIэжьыным ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 48-рэ статья ия 6-рэ Iахь кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэным фэгъэхьыгъ», Адыгэ Республикэм икъэралыгъо мылъку приватизацие зэрашIыщтым ипрограммэу 2011-рэ илъэсым телъытагъэм ехьылIагъ», зыфиIохэрэм апэрэу ахэплъэгъэныр, Адыгэ Республикэм изаконхэу «Адыгэ Республикэм 2010-рэ илъэсымкIэ ыкIи 2011-рэ, 2012-рэ план чэзыухэмкIэ иреспубликэ бюджет ехьылIагъ», «IофшIэныр къэухъумэгъэным ехьылIагъ» зыфиIохэрэм зэхъокIыныгъэхэр афэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъэхэр ыкIи нэмыкI Iофыгъохэр.

Зэхэсыгъор сыхьатыр 11.00-м Жуковскэм иурам тет унэу N 22-м хэт Залышхом щырагъэжьэщт.

***Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Тхьаматэу Анатолий ИВАНОВ***

# ГъогузекIоныр щынэгъончъэным пае

**Адыгэ Республикэм игъогухэм къатехъухьэрэ хъугъэ-шIагъэхэм алъэныкъокIэ Iофхэм язытет, авариехэм япчъагъэ нахь макIэ шIыгъэным пае зэшIуахырэ Iофыгъохэм, пшъэрылъэу зыфагъэуцужьыхэрэм афэгъэхьыгъэ пресс-конференциеу бэмышIэу зэхащагъэм хэлэжьагъ ыкIи журналистхэм яупчIэхэм джэуапхэр къаритыжьыгъ ГИБДД-м и ГъэIорышIапIэу АР-м щыIэм иинспектор шъхьаIэу ЛIыхэсэ Юрэ.**

**— 2009-рэ илъэсым елъытыгъэмэ, 2010-рэ илъэсым хъугъэ-шIагъэу республикэм игъогухэм къатехъухьагъэр сыд фэдиза? Сыда ахэм лъапсэу афэхъугъэр?**

— Илъэсэу тызыхэтым имэзипшIэу пыкIыгъэм тигъогухэм хъугъэ-шIэгъэ 468-рэ къатехъухьагъэу гъогу-патруль къулыкъум ыгъэунэфыгъ. Ахэм нэбгыри 109-рэ ахэкIодагъ, нэбгырэ 577-м шъобжхэр атещагъэхэ хъугъэ. БлэкIыгъэ илъэсым мыщ фэдэ иуахътэ егъэпшагъэмэ, авариехэм япчъагъэ — процент 1,1-кIэ, шъобж хэзыхыгъэхэм япчъагъэ процент 1,9-кIэ нахь макIэ хъугъэ. Мы уахътэм къыкIоцI лъэсырыкIохэм ялажьэкIэ тигъогухэм хъугъэ-шIэгъэ 51-рэ къатехъухьагъ. Водительхэр псынкIэу зэрэзекIохэрэм, ешъуагъэу рулым зэрэкIэрытIысхьэхэрэм, лъэсырыкIохэм гъогурыкIоным ишапхъэхэр зэраукъохэрэм гумэкIыгъуабэ къызыдахьыгъ.

**— Апчхэм атырагъэпкIэрэ пленкэм ылъэныкъокIэ законодательствэм зэхъокIыныгъэхэр фэхъугъэх. Ащ епхыгъэу автомобилым изытет шапхъэхэм адештэмэ ДПС-м иинспектор гъогум тетэу ыуплъэкIун фита е ар хэушъхьэфыкIыгъэ чIыпIэм щигъэунэфын фая?**

— Машинэм тегъэпкIэгъэ пленкэр шапхъэхэм адештэмэ ГИБДД-м икъулыкъушIэ ыуплъэкIун фит. ЫпэкIэ техническэ уплъэкIуным фэгъэзэгъагъэр къэралыгъо инспекторыр ары. Гъогу-патруль къулыкъум иIофышIэ къыгъэуцугъэ автотранспортым иапч шапхъэхэм адимыштэрэ пленкэр тегъэпкIагъэу егуцафэмэ, ар ыуплъэкIун амал иI. Административнэ регламентыр водителым ыукъуагъэу зигъэунэфкIэ, протокол зэхигъэуцон ыкIи законодательствэм диштэу сомэ 500 тазырэу тырилъхьан ылъэкIыщт. Мыщ дэжьым къыщыхэгъэщыгъэн фаер зы — ГИБДД-м икъулыкъушIэ машинэр зэрэгъэпкIагъэр ыуплъэкIуным пае хэушъхьафыкIыгъэ сертификат зыпылъ техническэ пкъыгъохэр ыгъэфедэнхэ фае.

**— Водитель удостоверение зимыIэхэм, анахьэу зыныбжь имыкъугъэхэм законыр аукъоу къыхэкIа, ащ ылъэныкъокIэ статистикэ щыIа?**

— 2010-рэ илъэсым имэзипшI къыкIоцI автомобилыр зезыфэнэу фитыныгъэ зимыIэ нэбгырэ 624-м административнэ протоколхэр афызэхагъэуцуагъэх. Ахэм ащыщэу 20-м аныбжь икъугъэп.



**— Тазырэу водителым къытыралъхьагъэр ИнтернетымкIэ ыпщынын ылъэкIыщта? Ащ фэдэ шIыкIэр шъо шъогъэфеда?**

— Джырэ уахътэ ащ фэдэ амалхэр щыIэх. ГИБДД-м тазырэу къышъутырилъхьагъэр шъупщыныным, къэралыгъо пошлинэр шъутыным апае, нэмыкI лъэныкъохэмкIи Интернетыр жъугъэфедэн шъулъэкIыщт, тисайт мары: (http://www.01.gibdd.ru). Квитанцием ишъутхэн фаехэр: районэу шъузыщыпсэурэр, тазырэу шъутелъыр зыфэдэр, шъулъэкъуацI, шъуцIэ, шъуятэ ыцI, шъузыщыпсэурэ къалэр, къуаджэр, урамым ыцI, ащ иномер. Адрэ реквизитхэр зэкIэ автоматическэу компьютерым ыштэщтых.



**— Административнэ правэукъоныгъэхэм я Кодекс сыд фэдэ зэхъокIыныгъа фэхъугъэхэр? Ахэм шIуагъэ къата?**

— Анахь шъхьаIэу къыхэбгъэщын фаер ешъуагъэу рулым кIэрытIысхьэхэрэм пшъэдэкIыжьэу ахьырэр зэрагъэлъэшыгъэр ары. Джащ фэдэу зиномер укъемыджэшъурэ, дэеу зэхэпшIыкIырэ ыкIи къэралыгъо шапхъэхэм адимыштэрэ автомобильхэм акIэрысхэм тазырэу атыралъхьащтыр сомэ 500-м кIэхьагъ, ыпэкIэ ар соми 100 хъущтыгъэ. Регистрационнэ тамыгъэхэр зыпымылъ автотранспортым иводитель административнэ тазырэу тыралъхьащтыр сомэ мини 5 е зы мазэм къыщегъэжьагъэу мэзищым нэс автомобилыр зэрифэным ифитыныгъэ Iахыщт. Илъэсэу тызыхэтым ишэкIогъу мазэ и 21-м къыщегъэжьагъэу ыпэкIэ къэчъэрэ машинэм игъогу техьэгъэ водителым иправэхэр мэзищым къыщегъэжьагъэу мэзихым нэс Iахызэ ашIынэу Кодексым къегъэнафэ. Мы лъэныкъомкIэ гъогурыкIоным ишапхъэхэр зыукъуагъэу агъэунэфыгъэм (автоматическэ видеофиксациер) сомэ мини 5 тазырэу тыралъхьащт. ЗэхъокIыныгъэу регламентым фашIыгъэхэр зэкIэ зыфэгъэхьыгъэр зы — тигъогухэм къатехъухьэрэ хъугъэ-шIагъэхэм япчъагъэ нахь макIэ шIыгъэныр ары.

**— Автомобилым ис пассажирэу ыкIэкIэ щысым щынэгъончъэным ибгырыпх ымыгъэфедагъэу гъогу-патруль къулыкъум иIофышIэ ыгъэунэфымэ, пшъэдэкIыжь горэ ащ рагъэхьыщта?**

— ГъогурыкIоным ишапхъэхэм къызэрэдалъытэрэмкIэ, водителым имызакъоу, машинэм исхэм зэкIэми апае щынэгъончъэным ибгырыпххэр автомобилым иIэхэмэ, ащ фэдэ амалхэр къызыфагъэфедэнхэ фае. Ар зымыгъэцэкIэрэ водителым сомэ 500, пассажирым сомэ 200 тазырэу атыралъхьащт.

**— Машинэхэм шIокI имыIэу кIэлэцIыкIу креслэхэр арытынхэ фая?**

— Илъэс 12-м зыныбжь нэмысыгъэ кIэлэцIыкIухэм апае мыщ фэдэ креслэхэр гъэфедэгъэнхэ фаеу 2007-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу Урысыем закон щаштагъ. Ар зымыгъэцакIэхэрэм сомэ 500 тазырэу атыралъхьан алъэкIынэу Кодексым къыделъытэ. Псауныгъэр къэухъумэгъэным и Дунэе организацие зэригъэунэфыгъэмкIэ, мыщ фэдэ екIолIакIэр агъэфедэ зыхъугъэм къыщегъэжьагъэу гъогум къытехъухьэрэ хъугъэ-шIагъэхэм ахэкIодэрэ сабыйхэм япчъагъэ — процент 71-кIэ, аварием шъобж хьылъэ хэзыхыхэрэр процент 92-кIэ нахь макIэ хъугъэ.

**— ГИБДД-м иIофышIэ къулыкъу ыхьы зыхъукIэ, гъогум къырыкIорэ водительхэм амылъэгъоу, зигъэбылъэу бэрэ къыхэкIы. Арэущтэу зекIорэм водителыр къыфэмыуцун фита?**

— Административнэ регламентым къызэригъэнафэрэмкIэ, гъогу-патруль машинэр гъогум къырыкIорэм ылъэгъоу щытын фае. Ау гъогурыкIоныр щынэгъончъэным ыкIи аварие къызыщыхъун ылъэкIыщт чIыпIэхэм анаIэ тыригъэтыным, шапхъэхэр зыукъорэ водительхэр гъэунэфыгъэнхэм апае фото ыкIи видеотехникэр зыгъэфедэрэ ГИБДД-м иIофышIэ къэмылъэгъуапэу щытын фитэу регламентым къыделъытэ. Ащ дэжьым милицием иIофышIэ къыфэмыуцугъэ водителым сомэ 200-м къыщегъэжьагъэу сомэ 500-м нэс тазыр тыралъхьан алъэкIыщт.

**— Мы аужырэ илъэсхэм гъогу-патруль къулыкъум ыгъэфедэ хъугъэ видеокамерэхэм яшIуагъэ къэкIуагъа? Ахэм япчъагъэ тапэкIи хэжъугъэхъон гухэлъ шъуиIа?**

— Фото-видеоаппаратурэу дгъэфедэхэрэм яшIогъэшхо къызэрэкIуагъэм щэч хэлъэп. Лъэшэу зекIорэ водительхэу гъогурыкIоным ишапхъэхэр зыукъохэрэр къыхэгъэщыгъэнхэм, тигъогухэм къатехъухьэрэ хъугъэ-шIагъэхэм япчъагъэ нахь макIэ шIыгъэным ахэр фэIорышIэх. Сыда пIомэ гъогум тет водителым шапхъэхэр ыукъонхэм ыпэкIэ егупшысэщт ащ видеокамерэр е сурэт тезыхырэ аппаратурэр къызэрэлъыплъэхэрэм. АР-м и Къэралыгъо автоинспекцие мы лъэныкъомкIэ тапэкIи хэхъоныгъэхэр ышIынхэ гухэлъ иI, видеофиксацием исистемэ зедгъэушъомбгъущт. Республикэ целевой программэу «ГъогузекIоныр щынэгъончъэныр» зыфиIорэм къызэрэдыхэлъытагъэу, техническэ пкъыгъохэм алъэныкъокIэ гъогу-патруль къулыкъур зэтегъэпсыхьэгъэным пае илъэс къэс республикэ бюджетым ахъщэ къытфетIупщы.

**— Техническэ уплъэкIунхэр ыкIунхэм пае водителым тыда зыздигъэзэн ылъэкIыщтыр, сыд фэдэ документа ащ ищыкIагъэхэр?**

— Техническэ уплъэкIунхэр зыщыпкIун плъэкIыщт чIыпIи 7 Адыгеим ит. Ахэм ащыщэу водителыр зыфаер къыхихыщт. Уахътэу агъэкIодырэр нахь макIэ шIыгъэным пае Мыекъуапэ, Адыгэкъалэ, Тэхъутэмыкъое, Теуцожь, Красногвардейскэ ыкIи Джэджэ районхэм ащыIэ чIыпIэхэм техническэ уплъэкIунхэр ащызыкIу зышIоигъохэм пэшIорыгъэшъэу (ИнтернетымкIэ) зыхарагъэтхэн амал яI.

*ТХЬАРКЪОХЪО Адам.*





ЩЭШIЭ Казбек

# Зэпэlапчъэ хъугъэ чlыгу lэбжыбхэр...

## Кубэ (КIубэ) Щэбанэ ехьылIэгъэ поэмэм щыщхэр

**1**

*Щагум тыгъэр дизэу къепсы шъхьаем —
Къыгъэфэбэжьрэп,
Ощхыр бзыбзэу къекIутэхы шъхьаем —
ТкIопс ыгъотыжьрэп.
Пшъэшъэжъыер плъызэу, плъызэу чыжьэуи маплъэ —
Тыр къэлъэгъожьрэп,
СабыиIэу ыщэигъэр машIоу мэплъы —
Тым гу лъитэжьрэп.
ЛIэшIэгъуныкъом ыушъэфыгъэу сабый джэмакъэр
ШIункIым пхырыкIрэп,
Гъогу минэу фыхахыгъэм тым илъэмакъэ
КъатеIукIыжьрэп...
МэшIо лыгъэу унэ пчъэIум къыIуадзагъэм
Нэпсыр фэстыжьрэп,
Бгъэм дизыбзэу дэлъ хыдзэ-псыдзэм
ФэгъэкIосэжьрэп.
— Сыд зысэшIэм блэгъо шIуцIэр къысэшъутIупщи, —
Мысэр згъотыжьрэп.
Сыд зысэIом, жьыбгъэ папцIэр къысIужъугъапщи —
Чъыг зготыжьэп...
Зы пчъэп, пчъитIоп сызтеуагъэр гугъэ факIоу —
КъыIуахыжьрэп...
Зы гъэп, гъитIоп бгъэм дэзыгъэр сытхьэлъэIоу —
Сымэхыжьрэп.
Амыщэчрэр сэбгъэщэчэу, сыд сихьакъыр? —
Джэуап къэптрэп.
Унэ шIункIым сишIыхьагъ сэ, тэ щыI хьалъкъыр? —
Уатэр слъэгъурэп...
Илъэс чыжьэр напэм кIэкIрэп, пкIыхьым хэкIрэп —
КъэсэшIэжьы...
Мэфэ мыгъор сщыгъупшэныр гум фэлъэкIрэп —
Къэсэпчъыжьы...
Уахътэр шыблэу, пчыкIэр щабзэу
къысфыкъоужьы —
Уж щыIэжьэп —
Бгъоджым силъэу, ошъур сIупэу сыкъэущы —
Нэф къэшъыжьрэп...*

**2**

*Тыдэ хъугъа адэ гъатхэр? Къэлъэгъожьрэп —
Зэу дэхагъэ...
Шы лъэмакъэр чэщ мэзагъом къыщыIужьрэп —
Боу чаныгъэ...
Орэд гупсэр илъэс пчъагъэм къытфэпIожьрэп —
Сыд къэхъугъэр?
Мэкъэ бзэпсыр чэщ осэпсым щыкIэпщыжьрэп —
Хэт плъэгъугъэр?..
Блэгъожъ цIэплъа, тыгъужъ пIашъа къытфэкIуагъэр? —
Зи къэпIожьрэп.
Мэзэ нэфыр пцэшIо шIуцIэу къыптеткIугъа? —
Укъэджэжьрэп...*

**3**

*Лъэхъаныр гъучIы гъэплъыгъэу сэ стхыцIэ къыщыджэгугъ,
Зы мафэм чэщыр кIыгъужьэу — лIэшIэгъур сыуджэгъугъ —
Гъатхэр зищагу дэтым, псы къаргъо зиунэ итым,
ЗигъолъыпIэ фабэм, къазыцы шъабэр зишъхьантэм,
Зисабый Iапэ зыIыгъэу, зибын-унэ шъхьарытым,
Шъхьафитэу зипчъэ Iузыхрэм, гуфитэу макъэр зыIэтрэм,
Гъунэгъум ипчъэ къыIуихмэ, лъэбэкъоу ыдзрэм щымыщтэу,
Хьарыф бзыгъэр ыгъэтхъмэ, ыгъатхъэу цIыфмэ язытэу,
Гупсагъэр бгъоджым щигъотмэ, зыфэхъурэм гугъэпIэ тынэу,
Бгъэм къыдэзыгъэ орэдыр зыфэхъурэм шIулъэгъу тамэу —
Сяхъуапсэ, илъэсы пчъагъэм сынэпсэу гугъэпIэ лъагэр,
Сыплъэмэ, гъунэ щымыIэу, сыджэмэ, сымакъэ махэу,
СыкъызэплъэкIмэ, саужы ит кIэкIэу емынэ благъор,
КъыскIахьэшъ,
сызэхецIыцIэ,
къыгъэушIуцIэу
нэплъэгъур —
Лъэхъаныр гъучIы
гъэплъыгъэу
сэ стхыцIэ
къыщыджэгугъ,
Зы мафэм чэщыр
кIыгъужьэу
лIэшIэгъур
сыуджэгъугъ.*



**4**

*Нэкъое жьыбгъэу
бгъоджым
къырихрэм
Елыбжьэ напIэр —
Тыгъэу лъэпаорэм
машIоп
къыпихрэр —
Къыпызрэр фабэп.
Бгъэнышъхьэ унэм ипхъэшъхьэкIапэ —
СыкъычIэIабэ.
Щысэгъэбылъых стхыгъэу силъапIэхэр —
МашIэ сэ сшIуабэ.
Жьыбгъэ шIуцIэжъыр, сипшъашъ, къимылъмэ, —
Ар бгъотыжьын,
Блэгъожъ нэкъыплъым ыцэ къымылъмэ —
Стхыгъэр сфэпIотэжьын.*

**5**

*Сынэ сакIыбэу сичIыгу сыкъеплъызэ,
Бгъоджым сехыжьы.
Бгъэгур ристыкIэу, нэпсыр къыспызызэ.
СичIыгу сэхъожьы...
Хэта сэ зышъхьэ сытеIункIагъэр, хэт чIэзгъэбыгъэр? —
Псыхъор мэплъызы...
Нэпкъым Iутыгъэр есыдзыхыгъэу хэт зылъэгъугъэр? —
Нэпкъыр мэгырзы...
Хэт зигъогупэ сытеуцуагъэр, хэт згъэохъугъэр? —
ЩыIэп ащ фэдэ...
Ибын лъыбанэу, ибын кIэхъопсэу згъэунэхъугъэр? —
ЩыIэп ащ фэди...
Жьы къэсэщэфэ, сэ сфэлъэкIыфэ сызфэлэжьагъэр —
Сихэку лъапI...
СипкIыхьэлъэгоу къэсхьызэ, нэфапIэм щыслъэгъужьыгъэп —
СичIыгу лъапI...
Зэзакъу нэмыIэми уикъопэ фабэ сытерэплъэжьи,
Сикъоджэ дышъ,
Нэплъэгъу закъо тыжъым икъашъхьэ тесэрэдзэжьи,
Сикъоджэ дышъ,
СетIысэхыныешъ, лъэгонджэмышъхьэу сичIыгу ыбгъашъо
Себэужьын.
Сабый нэпскIэ, къысфигъэгъунэу, сэ сихэгъуашъхьэ
СелъэIужьын...*

**6**

*Дырауж псыхъор псыхъо мэхъадж, чыжьэуи маджэ,
Къэуцу имыIэу, зышъхьас щымыIэу гуихэу мачъэ!
Чэщ мэз шIункIым уашъор тыритхъэу, бгъашхъоу зеIэты,
Тэкъэжъы лъапсэр гуихы лъыпсэу чэщым щэшIэты.
Сыды мыгъуагъэ, насыпынчъагъа къыспэгъокIыгъэр?
Псыхъом игырзы, псыхъом ищэIу сигъэщэчыгъэр?
Си Щэхъураджэ инэпкъы дахэ осыр щэфабэ,
СфэмылъэкIыжьэу, гугъэр сфэнэкIэу ащ сылъэIабэ.
Ошъогу шхъуантIэр пцэшIощэ набгъоу къегъолъэхыгъ,
ЩыIэжьэп мазэр, плъэгъужьрэп жъуагъо — къяубгъохыгъ,
Блэгъожъы тамэр,— мэзым щыкIыеу, псыхъом щыгъуахъоу
Къысшъхьарыуагъ,— мыжъожъы цакIэр сыгу къыщихъуагъ.
Сыгу лъэу къыпычърэр фэбэжьэп, плъыжьэп — амал симыI,
Мыжъор пIэшъхьагъэу, осыр кIэлъынэу, техъонэу уашъор,
Сыкъыдэплъые,— остыгъэе чъыгыр къэмыгущыI,
Зыкъысфеуфэшъ, дысэу мэгырзы — сыд иунашъор?
Щхы макъэр чачэу остыгъэе чъыгым къызэлъегъаджэ,
Драужъы псыхъом гушIомэ, лъатэу джэн дырегъажьэ,
Остыгъэе чъыгыр симэзы нэфы, сэшIэ, щэджэгу,
Чыжьэшъ сикъуаджэ, гугъэпIэ нэкIыр сыгу къыщегъажъэ.
Блэгъожъы цIэплъэу тхыцIэ плъыжьыжьыр, емынэ щабзэр,
ГъочIэгъ чъыIэжъыр къэубгынэнэу, нэбгъожъ мэзахэр,
Хэт къыоджагъэр, тикъушъхьэ тIуакIэ щыбдзэу пцэшIуащэр
Хэт фит уишIыгъа, къэплъытэжьынэу хыер, мыхыер?
Емынэр къэпхьи, тикъушъхьэ нэфхэм къашIохэплъагъ,
Ахэм ятIуакIэмэ лъэу къадэчъыгъэр о пшIомэкIагъ —
Пачъыхьэ мыгъом ынэгу мэхъаджэ ужэхэплъагъ,
Ар о плъэгъугъэп, унэку ижъыгъэу, ар шIомыкIыгъ...
Дырауж псыхъор псыхъо мэхъадж, гуихэу маджэ,
Къэуцу имыIэу, зышъхьас щымыIэу, зиутхъоу мачъэ...*

**7**

*Щэхъурэджэ мэзым чыжьэу сыхэсэу —
Усэр сэусы.
Сыгу мэсысы
Пхъэ гъугъэ цIыкIум ицIыцI зэхэсхэу —
Блэгъожъ мэхъаджэр, сиусэу щабзэр —
Пфэсэпсыхьажьы...
Блэгъожъы джашъор, гъучIыпэ папцIэр —
Пфэсэгъэуплъыжьы...
Чыжьэу сыхэсэу Щэхъурэджэ мэзым —
Усэм сеупсэ...
СимыIотэнэу сашъхьагъ ит мазэм —
ГукIэ сеубзэ...
Уахътэ къэкIона блэгъожъы хабзэр —
Зыфэдэр сIонэу?
Псалъэ згъотына блэгъожъы лъапсэр —
Сэ рысфытэнэу?
КъырычIэсчынэу, о си Тхьэ закъу, кIуачIэ
Къысэтба —
ТхьагъэпцI бэджэжъыр, шъабэу къэкIуашъэ —
Къэжъугъэстба...*

**8**

*Блэгъожъы цIэплъыр, нэбгырэ закъуи о шъхьас фэпшIыгъэп —
Чатэу къипхыгъэм лъы хыер пычъэу гъашIэр къэпхьыгъ.
Гъаблэм ыгъалIэу къыбдэлэжьагъэм о зи фэпшIагъэп —
Лъэхъур ылъапшъэу лъыпс гъогу кIыхьэр ащ фыхэпхыгъ.
Чэщыр мычэщэу, мафэр мымафэу, къимыкIэу шъофым
ЛэжьэкIо лъапцIэу, фыгуцэм фалIэу зэп щыфэхыгъэр.
Сабый бынэу унэм къинагъэм гу ащимыфэу —
Бэдэдэ мэхъу а цушъхьэкIапсэм зыпсэ хихыгъэр.
Тятэмэ ягъоу, цIыфмэ зяшIугъом агъэуцугъэу —
Хьамбар иныбэр, коны ушъагъэр къуаджэм дизыгъ —
Лэжьэн-псэуным фэIэджэбыджэу, армэоу цуахъоу —
Урамыбгъу уцыр ипIэшъхьагъ закъоу Iаджи дэсыгъ.
Хъонэн-бзэджэныр, тыгъоны Iофыр IэнэтIэ шъхьаIэу,
КIэны джэгуныр, карт ешIэныр яIэнэтIагъ.
Щэмэдж аштэным, Iофым дэшъхьаххэу,
Къумбыл шъугъэжъым гозыгъэ куамэр якIэсэныгъ.
Сыпщын ымыIоу, пфимыштэхэнэу пщылIы IэнатIи
Хьасапэм Iутэу хьасакIэм плъэмэ, ащ ыгъэгушIоу,*

(ИкIэух я 4 — 5-рэ нэкIубгъохэм арыт).

# Зэпэlапчъэ хъугъэ чlыгу Iэбжыбхэр...

*Iэгушхо шъуамбгъом щизыбзэу пкIантIэр
тырихэу натIэм,
ПхъэIэшэ цуабзэм лыдэу рыгуихэу бзыгъэ чIыгушIур
ЛэжьэкIо Iапшъэм, блыпкъ кIочIэшIум
лъынтфэр къахифэу
Мэлажьэ цIыфыр, гуфит-шъхьафитэу
къеIо орэдыр,
Тет ар ичIыгу, хэт ар ихьасэ,— зи имыхьафэу.
О, Емынэжъыр, лэжьакIом хьапсыр унэ фэпшIыгъ,
Игугъэ дахэ, зэхэбгъэтакъуи, бэн щыфэптIыгъ,
Къэнагъэм уетхъуи, пшъэхъу онтэгъум
ыгу рыплъэхъагъ,
Шъхьафит кIэхъопсэу хъэрым къыдэплъэу
ар къэбгъэнагъ.
Мы чIыгур ибэу зышIыгъэр оры, Емынэжъ,
IэшIуи темыIабэу, нэшIуи темыплъэжьэу,
Лыгъэр къыкIабдзи, бгъэстыгъэр тиунэжъ
ЛэжьакIом чIыгур ипыеу хъужьыгъэ
ЧIыр зэгозыгъэу лIэшIэгъухэм бгъэунэхъугъэ...
Дырауж псыхъор псыхъо мэхъадж,
гуихэу маджэ,
Къэуцу имыIэу, зышъхьас щымыIэу, емынэу мачъэ...
Альпыжъы къушъхьэм осыжъхэр къеутысэхых —
Къушъхьэпэ мэзым гъыбзэхэр непэ къыщысэусых.*

**9**

*Гур бгъэм къыдэпчэу хэбгъэтIысхьагъэкIи —
Чъыг къыпфэкIынэп.
Къэплъфыгъэ закъор IэкIыб пфэхъугъэкIэ —
Ар пщыгъупшэнэп...
Зы чэщи, зы мафи сыкъыздикIыгъэм
Нэуж къифагъэп,
Ущыгъупшэнэу гоу зэпыкIыгъэм
Такъикъ къекIугъэп.
Силъфыгъэ закъоу, си Пушк *, шъофышхом
Укъисынагъ —
ГъашIэм пщынынэу, Емынэм ишхъо
Къыпхэзгъэнагъ...
КъыоутэкIмэ, абгъукIэ уIуадзэу
Зэп къызыокIурэр...
Чыжьэу къеплъыхмэ, Iупсыр зыIуадзэу —
«Мор хэт?» къызаIорэр...
Мэзым тыхащи, aloу тагъатхъэу
Тын къытатыгъ. —
Хьалыгъум кIыгъоу дахэу гъэтхъыгъэу
Шоколадыгъ...
Згъэбылъи, къаплъэмэ, къалъэгъу сшlошIэу —
Сыбгъэгу теслъхьагъ.
Инэу сигъатхъэу, лъэшэу сыгушIоу —
Сыгу имэхагъ.
Бэуи терэшI, терэшI ащ макIэу,
Тхьэм къылъэгъун.
Гъунэ зыфэхъурэм сыгу игумэкIи —
Ар плъэгъужьын.
Гъаблэм сигъалIэу, псым сыкIэгуIэу —
Бэу къысэкIугъ.
«О, мардж хъужьын!» cloy, Тхьэм селъэIунэу —
ОшIа, ескугъ...
Сыдэу сызэхъуи сщымыгъупшагъэр —
Сыпсэу Саид.
Къинышхом хэтзэ сызмыгъэгъощагъэр —
О уян, Саид.
СызеIэбэхым, сIэгу къычIэфагъэр —
ТичIыгу такъыр.
Тхъэ закъор щыIэшъ, сызгъэчэфыгъэр —
ТичIыгу такъыр.
Тыдэ сызэкIуи чIэсымынагъэр —
ТичIыгу такъыр,
Щыгъын зэблэсхъуми, сщымыгъупшагъэр —
СичIыгу такъыр.
ГъашIэшъ ыуасэр сыбгъашъо телъэу —
Ар къесхьакIыгъ
Чэщ хэкIотагъэм къасштэмэ, сеплъэу —
Бэу скIэхэкIыгъ.
КъасIорэр шъыпкъэшъ, хэт ымыштагъэми —
Тхьэр сишыхьат.
Саидэ цIыкIур, о укъэщтагъэпышъ —
Сэ сырэхьат.*

**10**

*Чэщыр кIогъахэ, остыгъэ нэшъур мэхьэо-блао —
Ныбжьыкъу шIуцIэу къыщэпшы дэпкъым кIыхьэу,
блэонэу,
Тангенс — котангенс, синус — косинус
шъхьэм щызэбэных,
Шъхьэм имыкIыхэу, гур къэзыфырзырэр
Кубэ Щэбани.
Тыдэрэ къуапэ ущыкIодыгъи, сятэ тхьамыкI?
Зэкъорыпсэур насыпы закъоу плъакъо едзыгъ,
Тыгъэшхор мары, чэщ шIункIыр мары —
уакъыхэмыкI.
Емынэ къуапэм гуапэ хэмылъэу — ущегъэзыгъ.
СэшIэ, орэдым птамэ ыIэтэу бэрэ къыхэкIы,
— Уай-уай, Щэбан, — мэкуох, мэгъых,
пфытеох Iэгум —
Нэпсы щыугъэм орэд мэкъамэр бгъэм къыщыречы.
Адыгэ тIэкIоу уапашъхьэ исым щефэ Iэр нэгум...
Удгъотыжьыгъэемэ, рэхьатэу чэщ горэ
о пчъыижьыни,
УкъэкIожьыгъэемэ, тичIыгу шъабэ пIэ
щыпшIыжьыни,
Уашъор уиуашъоу, чIыгур уичIыгоу уарыплъэжьыни,
Къуаджэм ыпашъхьэ уигуапэу шъхьащэ
о щыпшIыжьыни.
Уиорэд мэкъамэ мэкIагъэп щыIэр ыумэхъыгъэу,
«Щэбан» аIомэ, ыпсэ пфитынэу щыIэр мэкIагъэп,
ПцIэ зызэхихрэм ытхыцIэ дыеу, ыгу къэмэхыгъэу
ЩыIагъ ащ фэди, мызэу-мытIоу, ашъхьэ мышIагъоу,
IэнэтIэ лъыхъухэу, щытхъум кIэнэцIхэу,
аIэ кIэшIагъэу,
АIашъхьэ тетым ыжэ къыдэзрэр абзэгу пышIагъэу.
Хьалыгъу бзыгъэ лыеу афэбдзымэ узэдадзэнэу,
ХьашхъурэIу нэшъухэу, щысхэу хьазырэу, узэIабзынэу.
«Сыд фэдгъэгъуштыр, зыкIыфэдгъэгъуштыр
сыд пай?» — мэкуох, мапчъэх,
УпчIэ гъужьыгъэу къуапэмэ аIутых, Iупсхэр аутэх,
Сыд фэдэ псынжъи учIагъэбынэу ахэр мэхъаджэх,
Iэбжьымыр абгъэ къыщагъэджэгу, ашIы IэутIэ —
«Сыд фэдгъэгъуштыр? Фэдгъэгъухэщтэп,
орэмыгугъэх», —
Шъыпкъагъи, цIыфыгъи, Тхьи, адыгагъи
ащыгъупшагъэу
Макъэр аIэты, къызэхахыным ахэр щэгугъых.
МакIэ ащ фэдэр — ТхьэмкIэ шыкур, тIорэп
ар пчъагъэу.
Лъыр зышIэжьыгъэр Уахътэм хэдаIошъ,
къэлапчъэм Iус,
Къинымыгъуаеу акIэхэкIыгъэм ар егупшысэ.
IэнэтIэ лъыхъоу, мылъку ыугъоеу ар гъогу
техьагъэп,
Мэфэл ышIыгъэу, щымыIэр зыми ыпшъэ
рилъхьагъэп.
Бгъэхэлъ пчъагъэу пIэшъхьагъым чIэлъыр
ащ ылъытэжьрэп,
МэфэкIы къиным ыбгъэ хилъхьаныр
ащ щыгъупшэжьрэп.
Хэгъэгу тамыгъэу, ныбджэгъумэ агухэу ахэр
бгъэм хелъхьэх, —
ЩыIэжьхэп шъхьаем, агухэр хьалэлхэу
ахэр фэхыгъэх...
Чэщыр кIогъахэ, остыгъэ нэшъур мэхьэо-блао,
Ныбжьыкъу шIуцIэр къыщэпшы дэпкъым кIыхьэу,
блэонэу,
Тангенс — котангенс, синус — косинус —
шъхьэм щызэбэных,
Шъхьэм имыкIыхэу, гур къэзыфырзырэр
Кубэ Щэбани...*

**11**

*Гъунджи ыIыгъэп, гъали иIагъэп пшъэшъэ
нэшхъуантIэм
Ошъогу лъагэр къеIэбэхыгъэу ынэгу кIэт.
РыкIэрэкIэнэу зы джэнэ закъуи дэлъэп ипхъуантэ —
Къэзыщэфыщтыр, къыфэзыхьыщтыр —
къашъуIори зэ, хэт?
Ятэ бзэхыгъэ, янэ пхъэнкIакIоу еджапIэм Iут,
КъэIаби, хабзэм, унэу зэрысхэр атырихыгъ,
ПсэупIэу яIэр еджэпIэ къуапэу щагуикIыпIэм
пэIут —
ЕджапIэм ышъхьэ лIыгъэкIэ ари къафыдихыгъ.
Дышъэ бгъэхэлъкIэ гурыт еджапIэр къышIи IэкIыбы,
Хэгъэгум иIэ еджэпIэ ин дэдэм чIэхьагъ Саидэ.
Зы тхылъым ыуж зы тхылъыр итэу
Университетым макIо.
Зытхырэр шъхьэп, зытхырэр лъакъоп —
Джынэ сурэтэу alo.
Зытхырэр емын, зытхырэр бзакоп,
Дахэу матхэ, дахэу мэлъаIо:
— Ярэби, тихабзэ ар къыдихыгъэп,
Еуропэ гъогу кIыхьэри ащ зэпичыгъэп
«КъэсэIо» ыIомэ, орэд», къашъомэ, шъуизэ,
Къыхьыгъ игъашIэ ащ, джэгум хэмыкIзэ.
Делагъэу сIонэп, сIонэп Iэягъэу, —
ЗымышIэ а лIыр хэкум исыгъэп,
Шъхьэщэшхо фашIэу тIысыпIэ шъхьаIэр иягъ,
Щытхъу икIэсагъэп, псэлъэ мыщыуи есагъэп.
Ау мы пщынаор, мы сиусэкIошхор alo,
тхьагъэпцIэу,
Аламан* хэгъэгум щыхъурэм лъэплъэ ыгъапэу,
«ПэкIэжъ-жъалымыжъ» ыIуагъэу къаIожьы
джы щхыпцIхэу,
ТIуми яз къыхэфагъэп иусэ усэ-псэлъапэу.
ПэкIэжъ-жъалымыжъым щыщтэу
къекIухьэ хэгъэгур,
Непэ щыI Щэрджэсым, неущ Уралы щалъэгъу.
Джау згъэбылъы усакIом, зэлъишIэу
хэкум ынэгум,
ЗиуIэжьыгъэу alo, зэримытыжьэу нэплъэгъу.
Пыир къызэкIом, пэгъокIыгъагъэу къаIожьы,
Кум къимыкIыгъэу, зылъэгъупагъэм къешIэжьы.
Ауми пыим ыужы ар ихьажьыгъ,
Ибыни, ихэкуи IэкIыбы ащ къышIыжьыгъ.
Къумалы гъогоу хихыгъэм текIоджэжьыгъ —
Зытхырэр шъхьэп, зытхырэр лъакъоп —
Джынэ сурэтэу alo.
Зытхырэр емын, зытхырэр бзакоп,
Матхэ дахэу, дахэу мэлъаIо:
«О, мардж хъужьын, ащ ыпхъу ебгъаджэ хъуна,
КъычIэшъуф, — elo, мэкуо, маджэ,
лъэшэу мэхъуанэ. —
Комсомолыр тэ плъэра, — elo, — парторгыр
дэгу шъыпкъэ хъупагъа?
Къумалым ыпхъу ешъогъаджэ, ар, — elo, —
лъэшэу губгъэнба».
Зым хьаку ныбэм цIыфхэр щегъэстых,
Адрэм Сыбыр чъыIэм имэзы хегъэщтыхьэх —
Анэ фыжьыбзэу къикIэу, зэфэзышIыни щымыIэу, —
Матхъэх тыгъужъхэр, матхъэх мышъэжъхэр,
пырхъ аIоу
Матхъэх къоныжъхэр, цыгъоми иIахь ахегъуатэ,
Къэнэжьрэ щыIэмэ, щэбзащэу зыкъедзышъ,
къуалэм епхъуатэ.
Къин Iаджи цIыфмэ апэкIэкIыгъ,
Къин мыгъуаемэ цIыфыр ахэкIыгъ —
А, Зиусхьан, ащ фэдэ мэхъуа, чIышъхьашъом
Щауджэгъупагъи непэ цIыфышъхьэр.
Аргъоеу ашIошIрэп, ашIошIрэп бадзэу,
ЦIыфышъхьэр зэрехьэ хыдзэ-псыдзаем.
«О, Зиусхьан, — elo деканым*, куоным фэд,
Мэтэджы, къекIухьэ хъураеу столыр, —
Зэ шъуегупшысэба, цIыфым сыдыр къыфэт,
ЩыIэщта гъашIэм ыбгъэгу илъэу мылыр?
Еджэщт Саидэ, чIагъэкIэу хьэжъ сатрапмэ
Афэсыдэнэп, — elo, — только через труп мой».
Трупым езэщыгъэба мы хэгъэгур,
Хьадэгъум ыкIыIу хьадэгъур тет,
НэкIы хъупэнба хэгъэгу пчэгур,
Хэты ынаIэ цIыф щыIэныгъэм тет?
Мыгъаблэмэ — зао, мызаомэ — гъаблэ.
Гъаблэм ригъэзыгъэмэ къахэо шыблэр
ЕлIыхы къуаджэр къэмынэу зы нэбгрэ закъуи.
ЛIэгъахэм ыцагэ пэкIэжъхэр хэожьых лъакъокIэ,
«Ари! Ар пыигъ», — alo, — шхончыр агъэпIыи
мэхъаджэмэ, —
Къалъфи-алъфыжьи бгъэкIодын фай а бзаджэхэм».
Тенэчмэ, тыратхъы унашъхьэр, бгъэнмэ, кIадзэшъ,
агъэсты,
Джаущтэу сибэлахьыжъмэ «щыIэкIэ нэфыр»
агъэпсы.
Псыхъор мычъэжьышъоу къэуцу,
Нэгъунджэшхор тыгъэм къызыкIелъхьэ,
ЛэжьакIор тэпы плъырым хэуцо,
Цум ычIыпIэу пхъэIэшэжъым зыкIешIэ.
Къылэжьрэр бэлахьыжъхэм аштэжьы,
— Тыбэльшэукышъ, тэ лъапсэр тэгъэпытэ,
— Шъубэжэукъышъ, лъыпсыр къыпыткIоу
ЛэжьакIор сыджышъхьэм щышъофытэ.
Осэнчъэ дэдэу цIыфышъхьэр къэшъолъытэ.
О, си Тхьэ закъу, уахътэ къэсынба зэгорэм,
ЦIыфыр зэрэцIыфыр зэдаштэу къабылэу зэкIэмэ.
Пчыхьэр ыгъаджэу, уашъом хэпыджэу
шхончыр къызыорэм
Къызыфэуагъэр зэкIэми яхъярэу нысащэмэ.*

**12**

*ХытхыцIэ шIуцIэр зэритхъэу къэо хыорыр,
Нэпкъым зыредзышъ, укIытэу зэкIэкIошъэжьы,
Бгъэцыжъы чанэу — ыбгъэгу панэу къыхаорэр
Мыжъом шIохелъэ, губжыгъэу зэIушъэшъэжьы.
Амал иIэу щытыгъэмэ, хышхом ар
Непэ техьани,
Икъушъхьэ кIасэ орэды псалъэр фихьыни,
Гушъхьэр къефызы хыорым игурым дыджы,
Гур къызэпикIэу псэлъэ щэбзащэр
ащ къыфедзыжьы:*

---

* «Пушк» ыIоти Саидэ ятэ къеджэщтыгъэ.

* **Аламан** — *Германиер ары.*

** МГУ-м ихьисап факультет идеканыгъэу Колмогоровыр ары.*

КЪАТ Теуцожь

# Зихьэ кум ихьэрэр *мэунэхъу*, зихьэ уц ыхъурэр *мэунэ*

## Повесть

*(КъызыкIэлъыкIорэр тыгъэгъазэм и 1-м къыдэкIыгъэ номерым ит).*

ЗигъэхъукIыным пэблагъэ хъугъэ чэм Iэхъогъушхор зэкIэкIэщыгъэу шъофым итэкъуагъ. Чэмахъори КIэшIуцIэри, къэлъагъохэрэп. Былыукъом хьамышхунтIэ чъыг закъоу шъофым итым ижьау итIысыпIэщтыгъ. Чъыгыр къэлъагъоми, Iэхъогъум ыкIыбыти, чэмахъор лъэгъугъоягъ. ЗанкIэу фэсыузэнкIыгъ синыбджэгъужъым. Чъыгыпкъым егъэкъугъэу кIэрысэу, ылъакъохэр кIэушхукIыгъэу шъхьаукъощтыгъ сигъунэгъур. СынэсынкIэ бащэ къэмынагъэу гур рихэу гъохъо макъэ сакIыбкIэ къыщыIугъ. Зыфэсхьыщтыр сымышIэу сыкъызэплъэкIмэ, Тхьэм ущеухъум слъэгъугъэм: КIэшIуцIэр егъэзыгъэкIэ къыстелъадэ. КъызгурымыIозэ къэхъугъэр, къэшIагъэр нахь шIэгъожь. Дэщтэдаоу къыкIэсIагъ, зэплъэкIыгъо сыримыгъафэу къыслъэчъэ дунаим сытезыфыжьы зышIоигъор. ЧIыгум макъэу пигъэIукIырэм изакъоми гуих, пкъышхо-шъхьэшхо шъэджашъэр жьым къыхьэу къыслъэбыбы. ГугъуемылIыщтыгъэр хьашхъурэIоу къыскIэхьэ, сищытIэщт ыкIуачIэ гъунэ фэзымышIыжьышъурэм. КъэзыгъэIэлыгъэм сегупшысэнэу уахътэ симыIэми, сфэмыхъужькIэ сыкъызэплъэкIыгъ. Ащ фэдизым зыкъэзыгъэхьазырыгъэ ныбджэгъужъым жьым сыкъыблихыгъ. Щэлэмэ мэщIусри фычIэсыдзынэу игъо сифагъэу «къау» мэкъэшхо зэхэсхыгъ. Зынэ лъы къытелъэдэгъэ быгъушхом зэрилъэкIэу хьамышхунтIэ бэщышхомкIэ ынатIэ еоу гугъэзэ, къызэхигъэтIысхьан имурадэу, блэуи ыбгъэшхо тыригъэфагъ. Ащ зыкIи къыгъэтхьауягъэп, къыгъэуцуным ычIыпIэкIэ, къыгъэIэлыгъ. Нахь Iэежьэу губжыгъэ, бэщ цIэшъутэхыри къурэу щымыхъоу зыбгъукIэ ыгъэбыбыгъ. ТопкIэ уеуагъэкIи пфимыутынэу гъэрет ыгъотыгъэу зишIэжьырэп, джынэуз шъыпкъ. Зыфэе закъор сищытIэщт. Сэри сикъарыу къыхэхъуагъ, слъакъохэр чIыгум нэмысхэу, шъофышхор нэкIэ сыдырмэ, зысымышIэжьэу сапэ езгъэхъузэ, пкъэушхо сапашъхьэ зэндабзэу къиуцуагъ. «Астафурилахь, мыр Тхьэм къысфигъэкIогъэн фай, мыщ сыIэкIихымэ, тIэкIу джыри згъэшIэн», сшъхьэ къилъэдагъэу, метрэ зытIущ зилъэгэгъэ пкъэушхом ышыгу сызэрэхъугъэри сымышIэу жьым сыдихьыягъ. УбытыпIэ дэгъухэри сIыгъыгъэх, гупсэфэу сытесыгъ, Iупсыр къыIутIэтIэу, ынэхэр зэпырыгъэзагъэу, ыпэбзыджынхэр залъэу цIэплъыжъыр къызэсым. Чъыгэе чъыгышхоу IэплIэкIуитIу фэдиз зигъумагъэу зишъхьапэхэр къыраупкIэхыхи шышIоIу сурэтэу шъофым итыгъэм слъакъохэр дэсхьыяпэхи сытелъэихьагъ. Тыгъэрэ уаерэ чъыгэяшъор зытырагъэкIыгъэ пкъышхоу цIашъутэ хъужьыгъэу, зыми щымыщтэу шъофым итыгъэм убыгъукIэ зыгорэ епшIэшъунэу щытыгъэп. Джащ сыкъыгъэнагъ джыри зэ, Тхьэм ыIомэ тIэкIу зэдэдгъэшIэн. Сыухыгъэ сикъэбар ащ нахь Iоф къыздышъуимыIэмэ.

— Сыд адэ быгъужъым нэпч узыкIырифыгъагъэр? — кIыхьэ къызэримышIыгъэм рымыразэ ЛIымыгъокIэ заджэхэрэр къыкIэупчIэ къыгъэжьызэ. — ЗыгорэкIэ уищыгъынмэ ащыщ ыгу римыхьыгъэмэ шIэ?

— Бирам шхыныр зыкIоцIыщыхьэгъэ хъэдэн плъыжьыр арэу къычIэкIын, плъыжьыр емынэтэлаоу къызэрегуаощтыгъэм сыщыгъозагъ, ау шэкI такъырым зэщифыщтми сшIэщтыгъэп. Чэмахъом къызгуригъэIожьыгъагъ ыужыкIэ — атэкъэ плъыжьи, чэт плъыжьи ицIыкIугъом щегъэжьагъэу зэрэрифыжьэщтыгъэр зие закъор ары зышIэщтыгъэр.

— Сыдэущтэу укъыIэпыкIыжьыгъа? — разэ хъурэп ЖэпIуакIэр.

— О-уиу, Тхьэ сэбгъэIощта? Лъэбжъаоу, сапэр дитэкъуаеу, хъурэябзэу шышIоIур къыкIухьэзэ езэщи, чэм Iэхъогъур зыдэхьажьым, ауж къихьажьи чылэм къэкIожьыгъ. СезэщыфэкIэ сэри сытыригъэсыгъ, хьатI-лъытI зэхъужьым, сыкъехыжьыгъ. Сытегупсэфыхьэгъагъ, чэщыр щисхыгъэкIи къысэгоощтгъагъэп, ежьым имызэрарыгъэмэ.

— Джы къибгъэкъужьыгъ, тIэкIу къэбгъэкIэракIэ тшIоигъуагъэми, тырыраз, тэ хэдгъэхъощт! Адрэ уушъэфхэрэри къэнэфэщтых! Дунаим шъэф техъухьэрэп, зэгорэм нафэ мыхъужьын къэхъурэп, ау игъо къэсын фае, — къызэригъэкIугъ разэ хъугъэмэ ащыщ.

— Ахэри зыгорэу хъуных, шъыпкъэр зыми ыушъэфышъугъэп, ар къызыхъущт лъэхъаным Тхьэм псаоу тынегъэс, — къыригъэкъужьыгъап икъэбар щхэн хьадэгъур тIо зытекIыгъэ дымыIум.

— Мэкъуао укIоу, быгъу емылычми укъыIэпыкIыгъэмэ, джыри улI хафэба, чыжьэ мэфэ Iаехэу зишъхьашыгу къимыхыхэрэр, — зэпагъодзызэ къэбарыхьэхэм ыгу зырагъэаштэу къызаублэм, Iофыр зыдакIорэр зэпIожьынэу щымытым игущыIэ ыгъэкIэкIыжьыгъап.

— Гобз-голъхьажь хьакъужъ шъофыри сигъунэгъу кIэлитIур зизгъэгъуси лъэкъабзэу тыупкIагъэ. Боу дэхащэм хьакъужъ къэгъагъэр, сезэщырэп. ЫцIи дахэба? Хьакъужъ. Дэхэ дэд, хэукъуагъэп апэ ащкIэ еджагъэр.

— Хэт укъызыщытхъухэрэр? ЕджакIомрэ сэнашъомрэ ягугъу дэгъоу ошIыкIэ къекIуна? Зыр шъхьэ пырэцэ дэбжъыкъу кIыхь, адрэр — ерыуаджэ, тIуми узыгъэтхъэн ахэтэп, — тхьэматэзэ къэзыхьыгъэм кIэлитIум ыгу къызэрафанэрэр къыхэщэу къыхихыгъ, щытхъоу ытхьакIумэ иуагъэм къыгъэтхьауягъэу.

— КIалэх, къэхъу пэтых, емыкIу джыри хьэIулэ зыIулъхэм мыхъатэхэу япIолIэныр. УикIалэ илэгъу къабзэх. Джащ фэдэу уяплъымэ псапэ, унэгъо шIагъоба зыщапIугъэхэри? Шъхьэ пырацэри, тыщыIэмэ атемытыжьэу тлъэгъун, щыIэныгъэм бэмэ яакъыл къегъакIо. Хьакъужъыр итэупкIыфэ делэкIэ сягуцэфагъэп. Рэхьатых, ятэмэ яшэнхэр ахэслъэгъуагъэх. НэуцIыргъу цIыкIури лэжьакIо, унагъор ыIыгъ, лажьэ тебгъэфэнэу улъэхъукIэ тезэгъэнэп. ИгъэкIыкIэжьыгъэу тIуми кухьэ тIурытIу къыращыжьыгъ, хьакъужъхэри дахэу къахэщэу.

— Кур тыдэ къырахыгъа? «Сихьэ цIыфы хъугъэмэ» зыщаIорэ лъэхъаным ежьхэм мафэрэ аIэкIахьэрэр ашIэ, — нахь къызэIэкIы зигъэгубжыжьызэ, тхьэмэтагъор къыдалъфыгъэу олIэжьыфэкIэ ыIыгъынэу гугъэрэм.

— Мафэп, чэщыр ары къызыращырэр, зыми яягъэ екIырэп, — кIэлитIум ыгукIэ къафэгъэзагъэм къеухыих.

— АупкIагъэми, аупкIагъ, къыращыжьыми, къырарэщыжь, икIыхьагъи, ишъомбгъуагъи хьакъужъ уц, хьакъужъ мэкъу! ЫцIэм фэдэр ышъхь. «Хьэ» аIуи аухыгъ, хьэм уигъэтхъэна? Ащыщ горэм ышъхьэ еуфэхыгъэу къыгъэIумпэмыгъ мэкъури, уцыри.

— Сыда «хьакъужъ» раIуагъ къэгъэгъэ дахэ хъурэм? Уегупшысэу хъугъа зыгорэкIэ? — гущыIэныр ыухыгъэу зышIошIырэм къырахьыжьэгъэ къэбарыр ыгу рихьыгъэпти, къытыригъэзэжьыгъ.

— Зэхэсхыгъэп зыкIи, — кIэкIэу къыпиупкIыгъ зэкIэ зышIэу къызшIошIыжьырэм. — Хьэр анахь псэушъхьэ Iушэу цIыфым ыгъэсагъэхэм ащыщ. Хьэр иныбджэгъу, къегъэгъунэ, къыфэзаф. Ащ ыцIэкIэ къыригъажьэу лъэкъоцIаби, цIыфыцIаби щыI. ИIушыгъэ гъунэнчъ. Сымаджэ зыхъукIэ хьэуцхэр ехъух нахь, шхэрэп. Iэзэгъу уцхэр ешIэх, ахэр шъофым къыщегъотыхэшъ пехъукIых, джыуапи фэхъух. Джахэм зэу ащыщ хьэкъужъыр!

— Плъэгъугъа ышхэу? ЦIыфхэр сэмэркъэукIэ еджэгъэнхэкIи мэхъуба?

— Слъэгъугъэ къодыеп, слъэгъугъащэ нахь. МыгуIахэу, зэнкIабзэу хьэкъужъым екIуалIэу, ышхэу слъэгъугъэ, ымыдырэу ыгъатхъэу ыуцэIузэ. Чъэп зытехэрэ лъэхъаным игъо мэхъу, джащыгъум икIэсэ шъыпкъ.

ЛIыжъым ыгу химыгъэкIынэу тезыубытэгъэ тхьэматэр IущхыпцIыкIи, къэупчIагъ:

— Адэ «хьэбзэгу» зыфаIорэри ешха, ащ уIагъэхэр егъэхъужьых?

— Хьау, ар ышхэу слъэгъугъэп, хьэм ыбзэгу ехьщырти хьэбзэгукIэ еджэгъэнхэ фай. ГъэшIэгъоны, хьэбзэгум изакъоп, лъхъанчэу къэкIырэм феIэбэхырэп, лъагэми дэIэбаерэп ыкIи, ышъхьэ щизыр пехъукIы нахь. Уз ямыIэми хьэхэр зэрэугъоихэу уцахъо кIохэу слъэгъугъэ.

— ШIагъохэр непэ къытэпIуагъэх, быгъур тиушъхьагъузэ нэмыкIхэр къыкъокIыгъэх, — кIэгъожьыгъэу тхьэматэм зыкъыригъэшIэжьыгъ лIыжъ Iушым.

— Зэхэпхыгъа, тхьэмэтэ маф, «зихьэ кум ихьэрэр мэунэхъу, зихьэ уц ыхъурэр мэунэ» аIоу?

— Зэхэсхыгъэп. Хьэ Iофыр зыхэтыр зэкIэ пыут сыгукIэ джы нэс сшIыгъэшъ, къаIори сэгъашIэ. Непэ къытэпIуагъэм а зыр къыхэгъэхъожьыри тыгъэрэхьат, непэрэ мафэм итхыдэ идгъэкъугъэкIэ тлъытэщт!

МыгущыIалэм игъорыгъоу хьакIэщым къырихыгъэ къэбархэри, щыIэныгъэм зыщырихьылIагъэхэри зэхигъахъохи, къыгъэкIэкIызэ, ашъхьэшыгу къырихыгъ. КъызкIэупчIэхэрэр ыгукIэ ыштэхэу, ишIошIхэр зэриIощтхэми зэраштэщтхэм къыгъэгушхуагъэу, бэрэ емыгупшысэу къыригъэжьагъ:

— Тилъэпкъ зэрэжъы дэдэм ехъырэхъышэгъуай, мэзыхьэр унэгъуахьэ зыщишIыгъэр гъэунэфыгъуай, гъунэ иIэп. Хьэр шIу зэрилъэгъугъэм ишыхьат анахь икIэсэ лэжьыгъэхэм ащыщым хьэ зэрэриIуагъэр.

— Шъыпкъэ, шъыпкъэ, — зэдырагъаштэу къызэдаIуагъ щысхэм.

— Сыд фэдизэу щагухьэм щыгугъыгъэу зэгурыIуагъэхэми, пчъэшъхьаIум къыблигъэкIыгъэп. Унэм зыдырегъэсын е гъолъыпIэ щыфигъэнэфэныр щигъэзыягъ. Хьэм егугъузэ хьэунэ фишIыгъ, зыгъэпсэфыпIэу, уаии, чъыIи емыгоонэу. Сыд фэдизэу Iушыми, дэгъуми, цIыфым ишIуагъэ къекIыми, хьэр унэм къихьэу зесэкIэ, имыфэшъуашэу псэущт. Мыхъо-мышIэ IэкIэшIэщт, зэмынэцIыпхъэм енэцIыщт. РихьылIагъэу къычIэкIын, а зэкIэ ымыуплъэкIугъэмэ, Iанэм къыригъэблэгъэни, унэми зыдыригъэлъыни, унагъом щыщэу ылъытэни, ичIыпIэ зэрэфигъэунэфыгъэм джы къызнэсыгъэм тет.

Унэм рацэзэ есэгъэ хьэм зыхэбзэещтымкIи, ышхыщтымкIи зэхэдз иIэжьыщтэп. Унэм ихьэрэр куми ихьащт, мэщIусыри ышхыщт. Мэщыр Iузыхыжьыщтыри, хьэр зыугъоижьыщтыри ныбаджэу къыгъэнэщтых. Кум ыуж итынэу, гъаблэ егъалIэкIи, мэщIусым емынэцIынэу джары зыкIагъэсагъэр. «Зихьэ уц ыхъурэм» къикIырэр шъошIэн фаешъ, игугъу тымышIыми икъун, непэрэмкIэ дэхэкIаеу тыжъугъэгущыIагъ, — сыхьат кIэшIагъэм фыдэплъыегъэ бысымым инэмаз уахътэ къызэрэсыгъэм гу лъатэгъахэу къызэхэтэджэжьыгъагъэх сэмэркъэукIэ кIуагъэхэр зэхахыгъэм рыразэхэу, ашIогъэшIэгъонэу ыIапэ аубытыжьыгъ. Щай плъыжьыр къэзымыхьырэ ныом бэрэ фычIэплъыгъ лIыжъыр зигъэгусэным нэсыгъэу, зэрэдэмысыри щыгъупшэжьыгъэу.

Кущыфэ зиIэ щэрэхъ зэрэшх мэкъэ дахэу къэIугъэмкIэ уехъырэхъышэжьынэу щытыгъэп ягъунэгъухэм адэжь ку ушъагъэ къызэрэдэхьагъэм. Гъэсэку папкIэу усэсэхырэ мэкъу кухьэшхоу пхъэджэшъо кIыхьэшхокIэ зэхэфызагъэр пэнэштэнкIэ къэбзэлъабзэу пхъэнкIыгъэ щагушхом шы къэбзитIу кIэшIагъэу къыдэкIыгъагъ. Имэкъоогъу кIэлитIу Iэгуаом фэдэу ащ къызепкIэхыхэм, гъунэгъу лIыжъыр хэпшIыкIэу къэчэфыгъ.

— Тхьэм ихьакIэх. Зи къафэтэп. Зэрар яIэп. ЛIэхъупхъэх, — ыгу къыдеIэу гущыIэ хэшыпыкIыгъэхэр афигъэшъошагъэх.

Тхьэмэтэ шэнычъэм IофшIэгъу мафэм унэгъо мэкъур къызэрэращырэм къыгъэцыхагъэми, къызхигъэщыгъэп, бысым Iушым ихьэ къышхи. Анахь узыщыгугъын цIэгъоплъитIури кIэшIагъэу, зикукIи къызэкIэмыкIощт лIыр арыти шыкузэкIэтыр зыер, тхьэматэр хэмытэу зытызэ есагъэм зыблырigъэхымэ нахьышIоу ылъыти, зиушъэфыжьыгъ. Ащ дакIоу бысымым ымакъэ чэфэу къэIугъ.

— Джары, тхьэмэтэ мафэх, шъуеплъ хьакъужъ мэкъур зэрэпшъхьапэм, уцIыфми пшхыным фэд! МыкI боу шъоупсы хъущт хьайуанхэмкIэ. Ахэм амышхын щыIэп игъом упкIагъэу, темыщхэмэ. Хьакъужъыр дэгъуба, Iэзэгъу дэд!

Тхьэматэр къэушъэбыжьыгъэу Iушыжъым ыгу къигущыIыкIыгъ, сэмэркъэушъо зыригъэшIызэ, чIэгъэчIэлъ тIэкIуи къыригъэгъусэжьи шъабэу къыкIэкIэупчIыхьагъ:

— Чылэгур пелыуан зэрэзэпитIыкIырэм сыд епIолIагъ ма? Тэрэзэу ышъхьэшыгу къипхыгъэп.

— Дэгъу, — зы гущыIэм къыримыгъэхъоу къыпиупкIыгъ.

— Ащыгъум тикъуаджэкIэ тыфэмыфба? ТыдеIэнэу къиогъэкIын фае, арба?

— Хьау! Изакъомэ нахь ыгъэцэкIэщт. Ахэр ялъэпкъкIэ лэжьакIох. Бэ зымыIо башIэх. Укъямыджэу кум итIысхьанхэр хэгъэкIи, унэми ихьэхэрэп, ищыкIагъэ хъуми уци ахъущт, Iуи, шIи апылъэп. Игунахьи умыштэ, ыуж икI.

Зэхахыгъэм рыразэхэу сэмэркъэушIэ къэкIогъагъэхэр къоджэ Iофхэм ауж ихьажьыгъэх.

КIэлэ нэгушIохэу зымэкъэ чэф къэIухэрэм ясэмэркъэу игуапэу ытхьакIумэ гугъатхъэу къыредзэ:

— Джары, хьакъужъыр уупкIэнэу уфэягъэп, уи Къэрэжъ мыкIы ыгъэтхъэщт! Фаемэ, хьакъужъыпси ебгъэшъощт. Пыпчэу, пхъэчаим фиплъхьэу, псы тIэкIу кIапкIэмэ, IугушIукIызэ къужъыри ышхыщт, псыми тешъухьажьыщт.

— А тхьамыкI, къэгъагъэр ары сыгу зэгъурэр нахь, хьакъужъыр арэп. Хьакъужъыр пшхынэу арыба къызыкIэкIырэр. ЦIыфи хьайуани якIасэба.

— Фыртынэм осыр ыпэ къырилъасэ хъумэ боу псынкIэу етхъон, псы, лы, ыIоу зэхимыдзэу, — зыкъыщыригъанэрэп гущыIэкIэ нэуцIыргъум.

Игуапэу кIалэхэм гъунэгъужъыр бэрэ алъыплъагъ. Джэхашъом фэдэу къэбзэ-лъэбзэ щагум мэкъу гъэплIагъэр гохьэу къызэрэдахьэрэм щыгушIукIыгъ. Афэразэу амдэз ышти инэмаз уахътэ бзэмыIоу теуцуагъ.

# ТХЫЛЪЫМ *илъэтегъэуцу*



Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ библиотекэ мы мафэхэм лъэтегъэуцо щыкIуагъ. Ар фэгъэхьыгъагъ къэбарIотэ-орэдыIо губзыгъэу Бэрэтэрэ Хьабидэт къыIорэ орэдыжъхэр къызыдэхьэгъэ тхылъым.

Тхылъыр Хьабидэт ыкъоу Джэхьфарэ имылъкукIэ джырэблагъэ къыдэкIыгъ. Научнэ редакторыр ыкIи пэублэ гущыIэр зытхыгъэр филологие шIэныгъэхэмкIэ докторэу Унэрэкъо Рай.

Лъэтегъэуцом хэлэжьагъэх шIэныгъэлэжьхэр, культурэм иIофышIэхэр, студентхэр, Хьабидэт иIахьылхэр, икъоджэгъухэр. Ар зэрищагъ Хьабидэт итворчествэ хэшIыкIышхо фызиIэу, тхылъым Iоф дэзышIэгъэ Унэрэкъо Рае.

Iофтхьабзэм имэхьанэ къыIэтыгъ ыкIи къыгъэкIэрэкIагъ ГъукIэ Замудин зипэщэ орэдыIо ансамблэу «Жъыум». Хьабидэт къыIощтыгъэ орэдхэм къызэIукIагъэхэр ащ ригъэдэIугъэх. Мы Iофтхьабзэм хэлэжьэнхэу Адыгэкъалэ къикIыхи къэкIогъэ шыкIэпщынэо-орэдыIохэу Абыдэ Хьисэрэ ащ ыкъоу Артуррэ зэхахьэр къагъэдэхагъ.



Лъэтегъэуцом къыщыгущыIагъэх композиторэу Бысыдж Муратэ, культурэмкIэ министрэу Чэмышъо Гъазый, шIэныгъэлэжьэу Мамый Руслъанэ, журналистэу Къэзэнэ Юсыф, Хьабидэт икъуаджэ къикIыгъэхэу Хъут Азмэт, Бэгъ Хьисэ ыкIи нэмыкIхэр.

«Бэрэтэрэ Хьабидэт къыIорэ адыгэ орэдыжъхэр» зыфиIорэ тхылъым илъэтегъэуцо зэрэкIуагъэр нахь игъэкIотыгъэу тигъэзет къыхиутыщт.

***СИХЪУ Гощнагъу.***

*Сурэтхэр Iэшъынэ Аслъан къытырихыгъэх.*

# ЗАКОНЫР *бэрэ аукъоу агъэунэфыгъ*

**Адыгэ Республикэм иправэухъумэкIо органхэм япащэхэм якоординационнэ зэхэсыгъоу тыгъуасэ Мыекъуапэ щыкIуагъэм тхьамэтагъор щызэрихьагъ АР-м и Прокурорэу Сергей Охлопковым. Iофыгъо шъхьаIэу зытегущыIагъэхэр мэз промышленнэ комплексым, мэз фондым ичIыгухэм ягъэзекIон ыкIи ягъэфедэн алъэныкъокIэ бзэджэшIагъэу зэрахьэхэрэм апэшIуекIогъэнымкIэ правэухъумэкIо органхэм Iофэу ашIагъэм изэфэхьысыжьхэр арых.**

Прокурор уплъэкIунхэу зэхащагъэхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, мэзхэмкIэ ГъэIорышIапIэм ипшъэрылъхэр зэригъэцакIэрэм уигъэрэзэнэу щытэп. 2009-рэ илъэсым ыкIи 2010-рэ илъэсым имэзибгъу мэзхэм ягъэфедэн ыкIи якъэухъумэн ылъэныкъокIэ бзэджэшIэгъэ 98-рэ зэрахьагъэу агъэунэфыгъ. Ахэм япхыгъэу уголовнэ Iоф 61-рэ къызэIуахыгъ.

УФ-м изаконодательствэ димыштэу республикэм имэзхэр зэрэраупкIыхэрэр прокурор уплъэкIунхэм нафэ къашIыгъ. Уголовнэ Iофэу 2009-рэ илъэсым зэхафыгъэхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, бзэджэшIагъэ зезыхьагъэхэм республикэм зэрарэу рахыгъэр сомэ миллион 19,3-м кIэхьагъ, 2010-рэ илъэсым имэзибгъу а пчъагъэр сомэ миллион 11,5-м къехъугъ. Ау а ахъщэм щыщэу къызэкIагъэкIожьыгъэр мэкIэ дэд. Къыхэгъэщыгъэн фае мы лъэныкъомкIэ правэухъумэкIо органхэм амалэу аIэкIэлъхэр икъу фэдизэу зэрамыгъэфедэхэрэр.

Iофыгъоу зэхэсыгъом къыщаIэтыгъэр къызэрыкIоу зэрэщымытыр ыкIи бзэджэшIагъэ зезыхьэхэрэм шIокI имыIэу уголовнэ пшъэдэкIыжь ягъэхьыгъэн зэрэфаер къызэрэугъоигъэ пащэхэм къаIуагъ. Ащ пае правэухъумэкIо органхэм яструктурэ зэфэшъхьафхэм язэпхыныгъэрэ язэдэлэжьэнрэ нахь гъэпытэгъэн фаеу алъытагъ.

***ТХЬАРКЪОХЪО Адам.***

# КЪЭБАРЫКIЭХЭР

## АДЫГЭ ХАСЭМ *изэфэс Тыркуем икъалэу Маращ щыIагъ*

Адыгэ Хасэм ия 8-рэ Конгресс 2010-рэ илъэсым шэкIогъу мазэм и 28-м Маращ щыкIуагъ.

Зэфэсыр къызэIуихыгъ мы аужырэ илъэситIум хасэм пащэу иIэгъэ УнашIэ Айтурал. Ащ цIыфхэр щигъэгъозагъэх къиныгъоу зэрихьылIэгъагъэхэм, IофтхьэбзэшIухэу зэрахьагъэхэм. ЫужкIэ зэрэрахъухьагъэм тетэу Адыгэ Хасэм пэщэныгъэ дызезыхьащт купым ихэдзын даублагъ. Ащ фэшI цIыфхэм купитIу къагъэуцугъагъ. Зы купым ипэщагъэр Урым Ахьмэд, адрэм — Тумэ Щахьуэр.

Хэдзыным щытекIуагъэр Тумэ Щахьуэр зипэщэгъэ купыр ары.

А купым хэтхэр: тхьаматэу Тумэ Щахьуэр, ащ игуадзэу Жьылэхьыжь Ибрахьим, Цыгъонэ Хьэнэфи, Емуз Невзат, Сэмэн Эргун, Бзэджэ Мирач, КIэрэф Озгур, Мэрэтыкъо Эмурллахь, Шъанэ Эрхан, Тащуджы Ахьмэд, Мамрэщ Айла, Апэжьыхь Деря, Псымыт Хьэрун, Алхъэс Али Сейит.

ТекIоныгъэр къыдэзыхыгъэ Хэсэ тхьаматэр къызэгущыIэм мырэущтэу къыIуагъ: «Тикуп пае зыIэ зыIэтыгъэхэми, зымыIэтыгъэхэми сафэраз, тапэкIэ цIыф зэхэдз тымышIэу, шъыпкъагъэ къызхэдгъафэзэ тилъэпкъ тыфэлэжьэнэу шъутэгъэгугъэ.

ЯтIонэрэ купым итхьаматэу щытыгъэ Урым Ахьмэд мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ зыкъытфигъэзагъ: «Хасэм итхьамэтакIи, ти Адыгэ Хаси Тхьэм мафэ тфешIых». Тэри Тумэ Щахьуэр зипэщэ купым гухэлъышIоу иIэхэр къыдэхъунхэу, адыгэ лъэпкъым акIуачIэ изэу фэлэжьэнхэу тяхъохъу.

***ЕМУЗ Баязыт.***

Маращ къал, Тыркуер.

# Анахь дэгъур

*къыхагъэщыгъ*

ПФР-р зызэхащагъэр илъэс 20 зэрэхъурэм ипэгъокIэу ащ и Къутамэу Адыгэ Республикэм щыIэм Iофыгъо макIэп зэрихьэрэр. Ахэм къадыхэлъытагъэу шэкIогъум и 26-м «2010-рэ илъэсым зисэнэхьаткIэ анахь дэгъур» зыфиIорэ зэнэкъокъур республикэ драмтеатрэу А.С. Пушкиным ыцIэ зыхьырэм щыкIуагъ.

Зэнэкъокъум изэхэщакIохэм мурад шъхьаIэу зыфагъэуцужьыгъагъэр пенсием щыIэ цIыфхэм яфэIо-фашIэхэм япхыгъэ системэр нахь дэгъоу зэхэщэгъэныр ыкIи опытэу аIэкIэлъымкIэ зэхъожьынхэр ары.

ПФР-м и Къутамэу Адыгэ Республикэм щыIэм ичIыпIэ органхэм яIофышIэхэу, Федеральнэ законэу «Сабый зиIэ унагъохэм къэралыгъо IэпыIэгъу ятыгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм ылъэныкъокIэ пшъэдэкIыжь зыхьыхэрэр зэнэкъокъум хэлэжьагъэх.

Зэнэкъокъур едзыгъохэмкIэ зэтеутыгъагъ. Командэ пэпчъ яIофшIэнкIэ IэпэIэсэныгъэу аIэкIэлъыр къагъэлъэгъуагъ. Ащ дакIоу сценкэхэр къашIыгъэх, къэшъуагъэх, орэдхэр къаIуагъэх.

Жюрим хэтыгъэх Адыгэ Республикэм IофшIэнымкIэ ыкIи социальнэ хэхъоныгъэмкIэ иминистрэ игуадзэу Татьяна Галактионовар, АР-м ипрофсоюзхэм я Федерацие итхьаматэ игуадзэу Гъогъо Хьазрэт, ПФР-м и Къутамэу АР-м щыIэм иотделхэм япащэхэр. Ащ зэфэхьысыжьхэр зешIыхэм къалэу Мыекъуапэ и УПРФ иIофышIэу Бгъошэ Заремэ 2010-рэ илъэсым IофышIэ анахь дэгъоу къыхагъэщыгъ. Ащ Щытхъу тхылърэ шIухьафтын лъапIэрэ фагъэшъошагъ. Джащ фэдэу командэхэм текIоныгъэ къыдахынымкIэ зишIуагъэ къязыгъэкIыгъэхэу Мыекъопэ ыкIи Джэджэ районхэм къарыкIыгъэ купхэр къыхагъэщыгъэх. Зэнэкъокъум хэлэжьагъэхэм зэкIэми сертификатхэр аратыгъэх.

***КIарэ Фатим.***

# МВД-м къеты

**Адыгэ Республикэм хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ къызэритырэмкIэ, шэкIогъум и 22-м къыщегъэжьагъэу и 28-м нэс республикэм бзэджэшIэгъи 174-рэ щызэрахьагъ. Ахэр укIыгъэ Iофэу 1, бзылъфыгъэм ебэныгъэхэу 3, хъункIэн бзэджэшIагъэу 8, тыгъуагъэхэу 48-рэ, экономикэм ылъэныкъокIэ бзэджэшIэгъэ 20, нэмыкIхэри.**

Адыгеим игъогухэм хъугъэшIэгъэ 11 къатехъухьагъ, ахэм зы нэбгырэ ахэкIодагъ, нэбгырэ 11-м шъобжхэр атещагъэхэ хъугъэ. Ешъуагъэу рулым кIэрысхэу водитель 77-рэ къаубытыгъ.

Адыгэкъалэ ыкIи Теуцожь районым ащыIэ хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ отделхэм яподразделениехэмрэ якъулыкъухэмрэ зэшIуахыгъэ Iофыгъохэм яшIуагъэкIэ автомобилэу атыгъугъэм епхыгъэ бзэджэшIагъэр зы мафэкIэ къызэIуахын алъэкIыгъ. ШэкIогъум и 23-м поселкэу Лъэустэнхьаблэ щыпсэурэ кIэлакIэм ОВД-м идежурнэ часть зыкъыфигъэзагъ. Ащ къызэриIуагъэмкIэ, иунэ дэжь щытыгъэ автомобилыр блэкIыгъэ чэщым амыгъэунэфыгъэ бзэджашIэхэм Iуафыгъ. Уголовнэ розыскым иоперативникхэм къаIэкIэхьэгъэ къэбарым къызэригъэнэфагъэмкIэ, автотранспортыр къуаджэу Очэпщые афын алъэкIыщтыгъ. Къэбарым ишъыпкъагъэ зэхэфыгъэным пае участковэ уполномоченнэхэмрэ гъогу-патруль къулыкъум иIофышIэхэмрэ зэгъусэхэу уплъэкIунхэр зэхащагъэх. А мэфэ дэдэм атыгъугъэ машинэр къагъотыжьыгъ, бзэджэшIагъэр зезыхьагъэри агъэунэфын алъэкIыгъ. Джы ащ уголовнэ пшъэдэкIыжь рагъэхьыщт.

Аркъ нэпцIыр зыщэхэрэр гъэунэфыгъэнхэм ыкIи ахэм пшъэдэкIыжь ягъэхьыгъэным правэухъумэкIо органхэр ыуж итых нахь мышIэми, ахэм япчъагъэ нахь макIэ мэхъу пфэIощтэп. ШэкIогъум и 23-м Мыекъопэ районым и ОВД иIофышIэхэм зэхащэгъэ оперативнэ-профилактическэ IофтхьабзэхэмяшIуагъэкIэ къутырэу Гражданскэм щыпсэурэ пшъэшъэ ныбжьыкIэу аркъ нэпцIыр зыщэщтыгъэр къаубытыгъ. Джащ фэдэу поселкэу Табачнэмрэ Абдзэхэ станицэмрэ ащыпсэухэрэ бзылъфыгъитIум суррогатыр IуагъэкIэу агъэунэфыгъ. Аркъ нэпцIыр зэрэзэхэтыр уплъэкIугъэным пае джырэ уахътэ экспертизэр макIо, ащ зэфэхьысыжьэу фэхъухэрэм ялъытыгъэу законыр зыукъуагъэхэм административнэ е уголовнэ пшъэдэкIыжь арагъэхьыщтмэ къэнэфэщт.

АДЫГЭ ХАСЭМ ИЯ XV-рэ ЗЭФЭС ИПЭГЪОКI

# Узэкъоуцомэ, нахьышIоу улъэкIуатэ

**Республикэ общественнэ движениеу «Адыгэ Хасэм» ия XV-рэ зэфэс тыгъэгъазэм и 12-м Къэралыгъо филармонием щыкIощт. Ащ фэгъэхьыгъэ зэхахьэу Адыгэ Хасэм и Совет иIагъэм АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Муратэ, Парламентымрэ Правительствэмрэ ахэтхэр, тиреспубликэ къырыкIощтымрэ лъэпкъ Iофыгъохэмрэ агъэгумэкIыхэрэр хэлэжьагъэх.**





Общественнэ движениеу «Адыгэ Хасэм» и Совет итхьаматэу Хьэпэе Арамбый зэфэсыр филармонием зэрэщызэхащэщтым, докладэу ащ къыщишIыщтым анахьэу щыхигъэунэфыкIы шIоигъохэм зэIукIэм хэлажьэхэрэр ащигъэгъозагъэх.

Хьэпэе Арамбый къызэриIуагъэу, Адыгэ Хасэр лъэпкъ шIэжь тиIэу тыпсэуным, тылэжьэным пылъ. ЛIэшIэгъу зэфэшъхьафхэм адыгэ чIыгур къэзыухъумагъэхэм, лIыхъужъныгъэ зезыхьагъэхэм саугъэт афэгъэуцугъэным бэшIагъэу тегущыIэх. Iофыр хэпшIыкIэу лъыкIуатэу фежьагъ. Ти Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан, Парламентымрэ Правительствэмрэ ащ епхыгъэ зэхэщэн Iофхэр агъэцакIэх. Саугъэтыр зыщагъэуцущт чIыпIэр къыхахыгъ — филармонием дэжь. Архитектор цIэрыIоу Бырсыр Абдулахь ышIыгъэ проектыр хэбзэ шапхъэмэ адиштэу къыхахыгъ. Апэрэ чэзыум ахъщэу саугъэтым игъэпсын пэIуагъэхьащтыр къызыдырахыщтыри къагъотыгъ.

## *Адыгабзэм изэгъэшIэн, игъэфедэн*

Адыгэ Хасэр а Iофыгъом бэрэ тегущыIэ. ГумэкIэу ащкIэ тиIэхэм къакIичыгъэу Хьэпэе Арамбый къыIуагъэп. КIэлэцIыкIу IыгъыпIэхэм, еджапIэхэм адыгабзэр зэращызэрагъашIэрэм Адыгэ Хасэр лъэплъэ. ЩыкIагъэу къыхагъэщыгъэхэр Правительствэм икъулыкъушIэхэм алъагъэIэсыгъэх.

Мыекъуапэ Адыгэ Республикэм икъэлэ шъхьаI. Ар къыдэплъытэзэ зэфэхьысыжьхэр зыпшIыхэкIэ нафэ мэхъу: адыгабзэри къэралыгъуабзэу щытми, икъоу щагъэфедэрэп. Мыекъуапэ дэхьэпIитф иIэу къэтэлъытэ. Гум къео республикэм икъэлэ шъхьаIэ къэралыгъуабзэу аштагъэхэр икъоу зэрэщамыгъэлажьэхэрэр. Мыекъуапэ идэхьапIэхэм ащыщ къалэм ыцIэ адыгабзэкIэ тетхагъэп. Республикэм ыкIи къалэм ямэфэкIхэм адыгабзэкIэ тхыгъэ шIуфэс гущыIэхэр макIэу ащытэлъэгъух.

## *Тэри тыхэлэжьэщт*

Саугъэтэу зыцIэ къетIуагъэм ишIын зыфежьэхэкIэ, Адыгэ Хасэр Iофым ыбгъукIэ щытыщтэп, иамал къызэрихьэу хэлэжьэщт. Тикъалэхэмрэ къуаджэхэмрэ ацIэхэр ядэхьапIэхэм адыгабзэкIи, урысыбзэкIи атетхэгъэнхэм, тиныдэлъфыбзэ игъэфедэн, нэмыкI лъэпкъ Iофыгъохэм чанэу ахэлэжьэщт.

## *ЕплъыкIэхэр, зэфэхьысыжьхэр*

Хьэпэе Арамбый дырагъаштэзэ зэIукIэм къыщыгущыIагъэх Бэгъушъэ Адамэ, Абыдэ Хьисэ, Едыдж Мэмэт, Къэлэшъэо Аскэрбый, КIэрмыт Мухьдинэ, Хъунэго Чэтибэ, нэмыкIхэри. Автомобиль гъогухэм цIыфыбэ зэратекIуадэрэм, машинэ зэутэкIхэм тхьамыкIагъоу къытфахьырэм, цIыфхэм ягумэкI-гупшысэхэм нахьышIоу ащыгъэгъозэгъэнымкIэ куп зэхэщэгъэным, тилъэпкъэгъухэу IэкIыб хэгъэгумэ къарыкIыжьыхэрэм IэпыIэгъу ятыгъэным, титарихъ нахьышIоу зэгъэшIэгъэным фэшI археологмэ ягумэкIхэм нахь игъэкIотыгъэу адэлэжьэгъэным, физкультурэмрэ спортымрэ зягъэушъомбгъугъэным, 2014-рэ илъэсым Олимпиадэ джэгунхэу Шъачэ щыкIощтхэм Адыгеир зэрахэлэжьэщтым, нэмыкI Iофыгъохэу зэфэсым къыщаIэтыщтхэм атегущыIагъэх.

Зэхахьэм республикэ телевидением ипащэу Бэгъушъэ Азэмат, республикэ гъэзетхэу «Советскэ Адыгеимрэ» «Адыгэ макъэмрэ» яредактор шъхьаIэхэу Валерий Кондратенкэмрэ Дэрбэ Тимуррэ хэлэжьагъэх. Премьер-министрэу КъумпIыл Муратэ зэIукIэм къекIолIагъэхэр зытегущыIэрэ Iофыгъохэм зэрагъэгумэкIыхэрэр къыдилъытэзэ, республикэм икъэралыгъо къулыкъушIэхэмрэ общественнэ движениеу «Адыгэ Хасэмрэ» зэрэзэдэлажьэхэ шIоигъом къытегущыIагъ.

Адыгэ быракъым имызакъоу, адыгэ шъуашэм имэфэкI зэхэщэгъэныр КъумпIыл Муратэ игъоу ылъытагъ, адыгэ шъуашэр щыгъэу ежьыри а мафэм IофышIэ къэкIощтэу къыIуагъ. Республикэ гъэзетхэм, телевидениемрэ радиомрэ Адыгэ Хасэм иIофыгъохэр цIыфмэ нахьышIоу алъагъэIэсын зэрэфаем, зэфэсыр дэгъоу зэрэзэхащэщтым, нэмыкIхэми атегущыIагъэх.

ТИГУМЭКIХЭР

## МашIом Израиль зыщеIэты

<u>**ТелефонкIэ къатыгъ.**</u> ***Тилъэпкъэгъухэр зыщыпсэурэ хэгъэгоу Израиль имэзхэм ащыщ машIо къыкIэнагъэу мэсты, ащ нэбгырэ 41-рэ хэкIодагъ. МашIом анахьэу зызыщиушъомбгъурэр къалэу Хайфэ дэжь.***

Мэзыр псэупIэ зышIыгъэхэр арых машIом хэстыхьагъэхэр. Тыгъуасэ ехъулIэу ар агъэкIосэжьын алъэкIыгъэп. Хэгъэгу зэфэшъхьафхэр Израиль IэпыIэгъу фэхъух машIор нахь макIэ шIыгъэным, етIанэ агъэкIосэжьыпэным фэшI.

Адыгэ къуаджэхэу Кфар-Камэрэ Рихьаниерэ ар алъыIэсыгъэп. Километри 170-рэ фэдизкIэ Хайфэ ахэр пэчыжьэх.

МашIор шIэхыIоу агъэкIосэжьынэу, хэгъэгум щыпсэурэ цIыф пстэуми рэхьат агъотыжьынэу афэтэIо.

АТЛЕТИКЭ ОНТЭГЪУР

# Илъэс къэс Улапэ щэкIо

**Атлетикэ онтэгъумкIэ Улапэ щыкIогъэ зэнэкъокъухэм 1993-рэ илъэсым ыкIи ащ ыуж къэхъугъэ кIалэхэр ахэлэжьагъэх. Улапэ атлетикэ онтэгъумкIэ иапэрэ тренер-кIэлэегъаджэу, къуаджэм секциер къыщызэIухыгъэным кIэщакIо фэхъугъэгъэ Пщыкъэнэ Аслъан ишIэжь зэIукIэгъухэр фэгъэхьыгъагъэх.**

Зэнэкъокъухэр рагъэжьэнхэм ыпэкIэ Красногвардейскэ районым иадминистрацие ныбжьыкIэ политикэмкIэ, физкультурэмкIэ ыкIи спортымкIэ игъэIорышIапIэ итхьаматэу Осмэн Альберт, Пщыкъэнэ Аслъан дэгъоу зышIэщтыгъэмэ ащыщэу, АР-м атлетикэ онтэгъумкIэ и СДЮШОР идиректорэу, РСФСР-м изаслуженнэ тренерэу Хъуажъ Мэджыдэ, Пщыкъэнэ Аслъан ишъхьэгъусэу Майе зэхахьэм къыщыгущыIагъэх. Илъэс къэс зэнэкъокъухэр Улапэ зэрэщыкIохэрэм, ныбжьыкIэхэр физкультурэмрэ спортымрэ апыщагъэхэу япсауныгъэ зэрагъэпытэрэр, А. Пщыкъанэр шIукIэ агу къызэрагъэкIыжьырэр къаIотагъ.

Яонтэгъугъэ елъытыгъэу апэрэ чIыпIэхэр къыдэзыхыгъэхэр: Бысыдж Аскэр, Беданэкъо Тимур, Къэзэнч Адам, Чэужъ Абрек, ДышъэкI Андзаур — Джамбэчые щыщых; Левин Мурат, Нажьэ Руслъан, ХьэкIэлI Бислъан, Куржъу СултIан — улапэх; Кобэщыч Аслъан, Ермилов Игорь — Мыекъуапэ щэпсэух; Дзэхъохъу Зураб — Кощхьаблэ зыщегъасэ.

ХагъэунэфыкIырэ чIыпIэхэр къыдэзыхыгъэхэм медальхэу, кубокхэу афагъэшъошагъэхэр АР-м физкультурэмкIэ ыкIи спортымкIэ и Комитет ыгъэхьазырыгъэх. Зэхэщэн IофхэмкIэ яшIуагъэ къагъэкIуагъ Осмэн Альберт, Хъуажъ Виталий, Мэрчэнэ Казбек.

Къоджэ спортым зегъэушъомбгъугъэным фэшI ащ фэдэ зэнэкъокъухэр тищыкIагъэх.

*НэкIубгъор зыгъэхьазырыгъэр ЕМТIЫЛЪ Нурбый.*

**Зэхэзыщагъэхэр:**
Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

**КъыдэзыгъэкIырэр:**
Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет
Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

**Редактор шъхьаIэр**
**ДЭРБЭ ТИМУР**

**Редакцием зыдэщыIэр:**
385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:**
приемнэр: 52-16-79,
редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44,
редактор гуадзэр-пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail:**
**adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:**
Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр
**ПИ №10-3892**

Гъэзетым къыхиутыхэрэм мышъыпкъагъэу къахафэхэрэмкIэ къэзытхыгъэхэм пшъэдэкIыжь ахьы. Къатхэхэрэмрэ гъэзетым щылажьэхэрэмрэ яеплъыкIэ зэтемыфэн ылъэкIыщт. Гъэзетеджэхэм къытфагъэхьырэ тхыгъэхэр зэхэтфыхэрэп ыкIи къэзытхыгъэхэм аIэкIэдгъэхьажьыхэрэп.

**Зыщыхаутырэр**
ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**Пчъагъэр**
**4668**
**Индексхэр**
**52161**
**52162**
**Зак. 3292**

Хэутыным узщыкIэтхэнэу щыт уахътэр
Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэхэ уахътэр
Сыхьатыр 18.00